ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№121-122 (23.030) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 26, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий зи щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуахэм яхуозэ

Дыгъуасэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахуэзащ республикэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIыу я щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуахэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр хэпльащ Налшык къалэ округым, Шэджэм ЕтIуанэ, Шэджэм Ищхьэрэ, Аушыджэр къуажэхэм, Къащкъэтау поселкэм щыщхэу псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъу щIэлъэIуахэм къатахэм. Абыхэм ящыщ зыбжанэм занщIэу унафэ ятрищIыкащ, зэман нэхъыбэ зытекIуэдэнухэм хэпльэну зыхуэфащэ щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ ирилъхьащ.

Илъэсыр къызэрыунэхурэ я щхьэ IуэхукIэ КIуэкIуэ Ю. А. зыкъыхуагъэзащ республикэм щыпсэухэм ящыщу цIыхуи 148-м.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Профсоюзхэр

ЗэIущIэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Профсоюзхэм я Унэм щекIуэкIащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и советым и XV зэIущIэ.

ЗЭIУЩIЭР къызэуихащ Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщокъуэ ФатIимэт**. Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъазэри, абы къыхилъхьащ зэIущIэм и лэжьыгъэр зыунэтIыну гупхэр япэщIыкIэ хахыну. Президиумым хагъэхьащ Амщокъуэ ФатIимэт, абы и къуэдзэкъу Шыгъушэ Зауррэ Егоровэ Галинэрэ, КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ советым и унафэщI Лу Аззамэт, апхуэдизу зэIущIэм ирагъблэгъахэу КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэралкIуэцI политикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къуэжей Артёмрэ КъБР-м и Промышленникэмрэ зыкъырыгъэщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мэшыкъуэ Хьэсэнбийрэ.

Адэкlэ ягъэбелджылащ къэзыбж, редакцэ комиссэхэм хэтынухэр. Ахэр Iэ1эткIэ хахащ.

«Профсоюз организацэхэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI къулыкъур зыхуагъэфащэр къызэрагъэпльагъуэ хабзэщIэм теухуауэ» унафэм и проектым кьеджащ къэрал IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и Iэтащхьэ Бакъ Фаинэ.

А унафэм и проектым теухуа Iэ1этым кърикIуахэмкIэ проектыр къащтащ.

ЗэIущIэр нэхъыщхьэу зытрауху «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и VII отчет-хэхыныгъэ конференцыр егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ» унафэм и проектым тепсэльыхьырат. Абы кьеджащ Амщокъуэ ФатIимэт.

Къэпсалъэм къыкIигъэщхьэхуакIащ КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и рескомхэм хабзэм тету я лэжьыгъэр къызэрапщытэжар, хэхыныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIар.

- ЩыIэкIэ-псэукIэм, экономикэм епха Iуэхухэр щыгугъу зэманым гуащIэрыпсэухэм дакъыщхьщыжьым мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ КъБР-м и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэм. Абы къызэхуэсахэм яжриIащ Урысейм и Профсоюз Щхьэхуитхэм я федерацэм профсоюз лэжьыгъэм хэтхэр нэхъ быдэу зэкъуагъэувэным щхьэпэну Iуэхухэр зэригъэбелджылар.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и отчет-хэхыныгъэ конференцыр 2015 гъэм фокIадэм и 23-м ирагъэкIуэкIыным арэзы теухуащ зэIущIэм хэтахэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гъэзгухэр

Зэраубзыхуам тету

«Строй-Гранд» ООО генподряд организацэм Прохладнэ - Советскэ автомобиль гъэзгум щыщу километр 12,67-рэ къызыхуэтыншэу зэрегъэпщащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ гъэзгум и «пкъыр» ягъэхьэзыр, асфальт-бетон зэхэтыным и лъабжьэр Геоспан ТН-40-м хуэдэкIэ ягъэбыдэ. Зыхуэй техникэр (экскаваторхэр, автогрейдерхэр, бульдозерхэр, зызыунэщIыж автомашинэхэр, зэрыралъхьэ, гъэзгур зэрагъэкъабзэ, зэрыралъхьэ, зэраубз машинэхэр) ирикъуу яIэщ.

КъБР-м Гъэзгу хозяйствэмкIэ и Iуэхущапlэм и лЫкIуэхэм материалхэм я фIагъыр, технологиехэр зыхуэдэр, ягъэува пIалъэм къызэритIасэр къапщытэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзгу хозяйствэмкIэ и управленэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● Хъыбар гуапэхэр

Мэшбащlэ Исхьэкъ и тхылъыщlэхэр

Махуэ зыбжанэ и пэкIэ СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм я щIыхьэ тхакIуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ тхыдэ романыщIэ тхын ияхащ. «Хэхэсхэр» - араща романым абы фIищащ.

МЭШБАЩlЭМ и тхыгъэшхуэм къыщегъэпльагъуэ хэкум икIа адыгэхэм Балкан хьПIыгуныкъуэм я щхьэм къыщIрикIуар. «Хэхэсхэр» Мэшбащlэ Исхьэкъ и тхыдэ роман етIощIанэщ. Ар мазитI нэхъ дэмыкIыу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьэнущ. Мыбдежым къыхэгъэщIипхъэщ Мэшбащlэ Исхьэкъ тхэн зэрыщIидзэрэ къыдигъэкIа тхылъхэм я тиражыр мелуанитIрэ ныкъуэм зэрыщIигъуар.

Дыззрыт илъэсым и накъыгъэ мазэм Адыгэ Республикэм урысыбзэкIэ къыщыдагъэкIын щIадзащ Мэшбащlэм и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса том 20-р. А тхылъхэр Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу щыта Щlэуфэн Хьэрэт и мылъкукIэ дунейм кьытохьэ. Аращ ящ томым псалъэпэр хуэзыгъэтхари. Япэрей тхылъитIым итщ Исхьэкъ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ, ещанэм - «Ридадэ», епланэм - «КъуэкIыпIэмрэ къухьэпIэмрэ», етхуанэм «Аишэт» тхыдэ романхэр.

Исхьэкъ и тхылъ 20-ри зы мин я бжыгъэу къыдокI. Ахэр Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Мэзкъу, Нью-Йорк я библиотекэхэмрэ еджапIэхэмрэ трагуэшэнущ. Ди тхакIуэ цIэрыIуэм и тхыгъэ къыхэхахэм ящыщу щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэнур экземпляр 200 хуэдизщ.

Иджыри зы хьыбар гуапэ. «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель Хьуажь Фахьри зэридзэкIри, Анкара тыркубзэкIэ къыщыдзкIащ «Хэкум ирахуахэр» Мэшбащlэм и романыр. Ар теухуащ илъэсищкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм. Тхылъым и бжыгъэр 1000 мэхъу. Абы итщ а зэман бзаджэм щыгъуэ ящIа сурэт 50-м нэблагъэ. Тхылъым и псалъэпэр Хьуажь Фахьри хуитхащ.

ХЬЭФIЫЦIЗ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Мудрэн Беслъэни Европей джэгухэм щытокIуэ

Азербайджаным и къалащхьэм мы махуэхэм щекIуэкI япэ Европей джэгухэм аргуэру ехъулIэныгъэ къыхуихьащ. Тхьэмахуэ ипкIэ (мэкъуауэгъуэм и 17-м) бэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъэм я деж щытекIуа Джэду Iэниуар иужьым ити дыгъуэпшыхь дзюдомкIэ зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ Европэм тIэунейрэ и чемпион Мудрэн Беслъэн.

КИЛОГРАММ 60-м нэс зи хьэлъагъэм я деж Европэм и чемпион нэгъабэ Франджым щыхъуа адыгэ щIалэр а щIыхь лъагэр зэрихъумэным ерыщу хущIэкъуащ. Финалым и Iыхьэ плIанэм абы щыхитъщIащ. нэмыщI бэнакIуэ лъщ Энглмайер Тобиас. Адэкlэ къыпощIуэна Морен Йерун Голландием щыщт. Аби къитIэдзыхакъым Мудрэныр икIи и хьэрхуэрэгъур хигъащIэри, финалым кIуащ.

Дыщэм щыщIэбэна кIэух зэIущIэм Беслъэн щеРIэкIын хуейт хэгъэрейхэм ящыщу Сафаров Орхъан. Европей джэгухэм и чемпионым къищынэмыщIауэ, абы щызэхэкIынут Европэм щынэхъ лъэщри. Дауи, зэпеуэм еплъыну къэкIуахэм я нэхъыбэр зыдэщIар азербайджан щIалэращ. Ар зэрылъэкIкIэ абыхэм трагъэгушхуэрт. Апхуэдэу щыт пэтми, Европей и хьэрхуэрэгъур кьабзэу тридзащ икIи япэ уеыпIэр зыIэригъэхьащ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Мудрэн Беслъэн спортым зэрыхьыхьар самбораш. 2007 гъэм ар Урыс Федерацэм и чемпион хуащ икIи дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр кьыщихьащ. Абыхэм къыхэкIыу «Дунейпсо классымкIэ спортым и мастер» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Арщхьэкlэ иужькlэ дзюдор къыхихьжащ. Зэман кIэщIым къриубыдэу (2008 гъэм) абыкIи къэралым щынэхъ лъэщ хуащ.

Нэхъыбапlэм дзыхь хуащI

Путин Владимир и лэжьакIэр зигу нэсхэм я бжыгъэм хэхъуащ.

Президентым и къэрал зехьэкIэр къаззрыщIыхьм теухуа упщIэхэр «Левада-центр» кьэхутакIуэ Iуэхущапlэм и Iэщlагъэлlэжм мэкъуауэгъуэм и 19 - 22-хэм ираташ УФ-м и щIыналъэ 46-м щыпсэухэм ящыщу цIыху 1600-м.

Абы къигъэлъэгъуащ Путин Владимир и рейтингыр процент 89-м зэрынэсар. Нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым а бжыгъэр процент 86-рэ, 2013 гъэм - процент 63-рэ хъууэ щытащ.

ЦIыхухэм я Iуэху еплъыкIэхэр зыхуэдэр къэзыгъэнаIуэ центрым къызэритымкIэ, УФ-м и политикэм ящыщу цIыхухэм дзыхь нэхъ зыхуащIри Путинырщ - зэупщIахэм я процент 64-м шэч къытрахьэркъым къэрал унафэщIым иубзыхуауэ Урысейр зытет гъэгур зэрытэмэмым.

И щхьэрщ зыщIыгугъыжьын хуейр

«Украинэр зыхэт гугъуехь псори НАТО-м щхьэщыхьрыпкъым. Езы украинэхэр къикIын хуейщ зэрыхуащытыкIэм», - жиIащ альянсым и секретарь нэхъыщхьэ Столтенберг Йенс.

Столтенберг къызэрыхигъэщамкIэ, НАТО-м хыхьэну зэрыхуейм теухуауэ Украинэм захуигъазэмэ, адрей къэралхэм я Iуэхухэр зэрызэпкърахам хуэдэ дыдэу, абы ейми, хабзэм тету, хэпльэнущ.

«Апхуэдэ лъэIукIэ НАТО-м зыхуигъэзэн щхьэкIэ, Украинэм зэман гъунэгъуэхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр иригъэкIуэкIын хуейщ. Пэжщ, уи щIыналъэм зауэ щекIуэкIыу зи гугъу тщIы лэжьыгъэшхуэм упльэщщынырикъукIэ гугъущ. Апхуэдэу щытми, ар украинэхэм иджыпсту зэфIагъэкIын хуейщ. Абыхэм я дежкIэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къоныж Iулъхьэм ебэныныр», - къажриIащ Столтенберг журналистхэм, Украинэм дэIэпыкъуным теухуауэ я мурадхэм щыщIэупщIэм.



♦Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьаным къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ
♦Беларусь Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэм и махуэщ
♦Азербайджаным Iощкlэ зэщIэуэзэда и къарухэм я махуэщ
♦1920 гъэм Налшык и Затишье хьэблэм япэ санаторэ къыщыызIуахат.
♦1938 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр ялэу хахащ.
♦1945 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьищтащ Совет Союзым и Генералиссимус цIэр гъэувыным теухуауэ. А цIэр зэ закъуэщ зэрыфIащар - 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м ар хуагъэфащауэ щытащ Сталин Иосиф.
♦1945 гъэм Сан-Францискэ щекIуэкIа конференцым Iэ щытрадзащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставым.
♦1954 гъэм Обнинск дунейм щыяпэу лэжьэн щыщIидзащ атомнэ электростанцым.
♦Режиссёр, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Абдокъуэ Маталио** къызэралъхуэ илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Совет, урысей къэрал лэжьакIуэ, УФ-м и Компартым и унафэщI **Зюганов Геннадий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэ **Туаршы Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луизэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жащым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Аруан щIыналъэ

ХадэхэкI пасэр Iуахыж

Аруан щIыналъэм хадэхэкI пасэр щыIуахыж. Къапщтэмэ, «Агро-07»-м джэшхъурейуэ (горох) хаса гектар 250-м щыщу 30-р Iуахыжыну хунэсащ. Зы гектарым хуэзэу центнер 40 къытрах. Псори зэхэту мы гъэм Аруан щIыналъэм джэшхъурей щхъуантIэу щыхасар гектар 452-м ноблагъэ.

РАЙОНЫМ куэду иIэщ къэбыстэ, кIэртIоф пасэхэри. Ялпэ - гектар 90-м, етIуанэр - 622-м нос. Мэкъумэш Iэнатlэмкlэ щIыналъэ Управленэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, и чэзум дыгъэри уэшхри зыгъуэта хадэхэкIкIэр бэвщ. БаджэндырылажьэхэмкIэ псом я щхьэр кърахьлIэж хадэхэкIыр уасэ къыпэкIуэу ящэнращи, Iуэху иджыпстукIэ хъарзынэу йокIуэкI, щхэхакIуэхэр нэхъыбэу зыщIэупщIэр нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашыракъым, атIэ ди губгъуэхэм къыщагъэкIырщ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

Донецкрэ Луганскрэ дадэвгъэIэпыкъу!

«Новороссием щIэныгъэмкIэ и махуэ» зыфIащауа псапащIэ лэжьыгъэр теухуащ 2015 гъэм фокIадэм и 1-м сабийхэр школым щыщIэтIысхьэжынум ирихьэлIэу Донецкрэ Луганскрэ щыщ школакIуэхэм ядэIэпыкъуным. Мы Iуэхум хиубыдэу цIыхухэм къыIах:

- зэрытхэ, зэредж Iэмэпсымэхэр;
- портфелхэр, плIидзэхэр;
- тхылъхэр;
- цIыкIухэм я зэхэщIыкIым хэзыгъахъуэ зэрыджэгу Iэмэпсымэхэр;
- спорт щыгъэныныгъэхэр.

ЦIыхухэм кърахьэлIэ хьэпшыпхэр 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23 - бадзэуэгъуэм и 15-хэм, зыгъэпсэхугъуэхэм нэмыщI адрей махуэхэм сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 18-м нэсыху къыщыIах «Къалэн куэд зыгъэзащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет Iэхуущапlэм (Налшык къалэ, Захаровым и уэрам, 66).

Гуманитар дэIэпыкъуныгъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэзащэ 8-928-722-10-67 телефонымкIэ фепсалъэ хъунущ Корсаковэ Галинэ Алексей и пхъум.

ЩIэпхъаджащIэхэм ядэIэпыкъуу зэрыщытам къыхэкIыу ягъэтIысащ

УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кулыкъущапlэм и управленэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ КъБР-м и щIыналъэм щIэпхъаджагъэхэр щызэхэзыщIыхьхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ 1985 гъэм къалъхуа Битокъу Алим Роман и къуэм иригъэкIуэкIа Iуэхухэр. НаIуэ зэрыхьуамкIэ, абы боевикхэр зыхуэныкъуэ шхынрэ хьэпшыпхэмкIэ къызэригъэпэщырт, щыпсэун къахуигъэтырт, кьэришэкIырт. Абы къыдэкIуэу, ягъэтIысар къыщащын, ар щыпсэуа унэр щыщIапщыткIым къагъуэтащ хабзэм къемызэгъыу абы зэрихьа Iэщэр, шэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Налшык къалэ судым къыпытащ Битокъу А. Р. Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 208-нэ статьям и Iыхьэ етIуанэм, 222-нэ статьям и яп Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа куэуанщагъэхэр бгъэдэлъу икIи абы илъэситкIэ тутнакъэщым исыну тезыр трилъхьащ.

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

«Адыгэ псалъэ» - анэдэлъхубзэм и налкъутналмэс

Тхыдэр и гъуазэрэ захуэр и гъуэгуу, адыгэбзэр и Iэщэрэ адыгэпсэм хуэпIащIэу махуэ къэс зи дамэхэр зышэщI «Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэным фепIэщIэкI!

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2015 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Iэ тедзэныр зэриухыр.

Ди газетым мазихым и уасэр сом 839-рэ кIэлейкIэ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жащми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Лъэпкъ Iущыгъэ

Фызыфl зиIэ и гууэ шэчыгъуафIэщ.

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и уней лъапсэхэм ськыщалэжь хэхъуэ къабзэм и мардэхэм я Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Налшык къалэ №105-ПП

«Унагъуэхэмрэ зи закъуэу псэу цІыху щхьэхуэхэмрэ хуэмыщІауэ къалъытэн икІи абыхэм социальнэ дэІепІкъуныгъэ иратын папщІэ зы цІыхум хуэзэу къыІэрыхьэ хэхъуэмрэ ар къызэрабж щІыкІэмрэ я Іуэхуклэ» 2003 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-м и 11-нэ статьям тету, уней лъапсэ зезыхьэ унагъуэхэм псори зэхэту къаІэрыхьэр зыхуэдизыр къэпщытэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм уней лъапсэхэр зэрыщыІэзрахьэм къыпэкІуэу хэхъуэ къабзэхэмкІэ мардэхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №105-ПП-мкІэ къыщыщащ

2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм уней лъапсэхэр зэрыщыІэзрахьэм къыпэкІуэу къаІэрыхьэ хэхъуэ къабзэмкІэ мардэхэр

Уней лъапсэхэр зэрыІэзрахьэм къыпэкІуэ хэхъуэ къабзэмкІэ мардэхэр лъэІуэр къыщащтха иІъэсым ящІа гъэм щыІа уасэхэм я тещІыхьауэ ахъщэхэр зэрагъэкІуэу къабж. Мы мардэхэр уней лъапсэхэр зэрыІэзрахьэм къыпэкІуэу къаІэрыхьэ продукцэм тещІыхьащ икІи продукцэ къэс хуэгъэзащ зэхэгъэщхьэхуклэхэр къалъытэ:

ГъавэІ гъэкІыныкмкІэ - 0,01 гектарым хуэзэу сом бжыгъэкІэ;

Іэщ гъэхъунымкІэ - 1 Іэщым хуэзэу сом бжыгъэкІэ;

кхъуэ гъэхъунымкІэ - 1 кхъуэм хуэзэу сом бжыгъэкІэ;

джэдкъаз гъэхъунымкІэ - джэдкъаза 10-м хуэзэу сом бжыгъэкІэ;

тхьэкІумэкІыхь гъэхъунымкІэ - тхьэкІумэкІыхьи 10-м хуэзэу сом бжыгъэкІэ;

бжьэ гъэхъунымкІэ - зы бжьэ матэм хуэзэу сом бжыгъэкІэ;

№ №	Уней лъапсэм щыІэзрахьэр	Къызэрабжыр зытелъыхьэр	ХэхъуэмкІэ мардэхэр, сом бжыгъэкІэ
1.	**Щіы ныхьэр**	**1 соткэм**	**2291**
2.	**Жэм (къашыр)**	**1 жэмым**	**22550**
3.	**Былымым (лы папщІэу ягъашхэр)**	**1 былымым**	**15376**
4.	**Кхъуэр**	**1 кхъуэм**	**2414**
5.	**Мэлхэр (бжэнхэр)**	**1 Іэщым**	**1380**
6.	**ТхьэкІэжсхьыжьхэр (зи фэр къагъэсэбэп адрей хьэкІэжсхьэкІэхэр)**	**псэущхьи 10-м**	**7871**
7.	**Джэдыр, нэгъуэщІ джэдкъаз лІэужьыгъуэхэр (джэдыкІэмрэ лымрэ)**	**джэдкъази 10-м**	**3100**
8.	**Бжьэхэр**	**1 бжьэ матэм**	**2671**

Уней лъапсэм ськыщалэжьа продукцэр зэращам къыпэкІуэу къаІэрыхьар унагъуэм (зи закъуэу псэу цІыхум) къэрал социальнэ дэІепІкъуныгъэ щраткІэ къалъытэркъым унагъуэм илъэс 18-м зи ныбжьыр щІигъуэу ис псоми ящІэ, етІуанэ гупхэм хиубыдэ ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу къалъытамэ е абыхэм я ныбжьыр илъэс 75-м щІигъуамэ.

Гектар 0,10-рэ иримыкъу щІы ныхьэм кьраха хэхъуэр къэрал дэІепыкъуныгъэ щраткІэ зы цІыхум икІи ку къыІэрыхьа хэхъуэм хагъэхьэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий туризмэм зыщегъэужьынымкІэ советым и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 16-м Налшык къалэ №121-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий туризмэм зыщегъэужьыным комплекснэу бгъэдыхьэн мурадкІэ, Урысей Федерацэм сабий туризмэм зыщегъэужьынымкІэ Зэзыгъэуу советым 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м иригъэкІуэкІа зэІуущІэм и протоколым и Іыхьэ 1-м и пункт 4-р гъэзэщІа лъэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий туризмэм зыщегъэужьынымкІэ совет къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы унафэм щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий туризмэм зыщегъэужьынымкІэ советым теухуа положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий туризмэм зыщегъэужьынымкІэ советым хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий туризмэм зыщегъэужьынымкІэ советыр зэрылажьэну планыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм щыГъуэу кІищтэну.

4. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министр Емуз Н.Гъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къыізэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсымкІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэм я Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 28-м Налшык къалэ №108-ПП

Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсымкІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкІэ лэжьыгъэхэр зэгъэуІун икІи егъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къыізэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсымкІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэм я Іуэхуклэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къыізэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсымкІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм накъыгъэм и 28-м къыдигъэкІа Унафэ №108-ПП-мкІэ къыщыщащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къыізэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсымкІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр

Альтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ куэдзэр *(Комиссэм и унафэщІщ)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр *(Комиссэм и унафэщым и куэдзщІ)*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и ІуэхуэмкІэ, Кьыізэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(Комиссэм и унафэщым и куэдзщІ)* *(зэгурыІуаэ)*

Асанов З. И. - ЩІыupсыр кьызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъныкмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэм у Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

№ №	Уней лъапсэм щыІэзрахьэр	Къызэрабжыр зытелъыхьэр	ХэхъуэмкІэ мардэхэр, сом бжыгъэкІэ
1.	**Щіы ныхьэр**	**1 соткэм**	**2291**
2.	**Жэм (къашыр)**	**1 жэмым**	**22550**
3.	**Былымым (лы папщІэу ягъашхэр)**	**1 былымым**	**15376**
4.	**Кхъуэр**	**1 кхъуэм**	**2414**
5.	**Мэлхэр (бжэнхэр)**	**1 Іэщым**	**1380**
6.	**ТхьэкІэжсхьыжьхэр (зи фэр къагъэсэбэп адрей хьэкІэжсхьэкІэхэр)**	**псэущхьи 10-м**	**7871**
7.	**Джэдыр, нэгъуэщІ джэдкъаз лІэужьыгъуэхэр (джэдыкІэмрэ лымрэ)**	**джэдкъази 10-м**	**3100**
8.	**Бжьэхэр**	**1 бжьэ матэм**	**2671**

Бетрожь А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кхъуафэжьейхэмкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Быиф Б. Хь. - Экологие, технологие, атом кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм КавказымкІэ и управленэм и унафэщым и куэдзэр *(зэгурыІуаэ)*

Богаченкэ Е. М. - «ГидрометеорологиемкІэ, дыкъэзыухъурееихь дунейм и щытыкІэм кІэлъыплъныныкмкІэ Кавказ Ищхъэрэм управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ-ІапІэм и куэдзэм - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъурееихь дунейм и щытыкІэм кІэлъыплъныныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщым *(зэгурыІуаэ)*

Борэн М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэсхэм япщІэтынымкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и унафэщым

Газаев М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыупсыи и хъуГуэрІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым

Гулиев А. А. - Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ зэлъытхъуэкІуэ-кьегъэлакІуэ отрядым и куэдзэм - Урысейм и МЧС-м и Іушъхьмазуэ кьурш къэлъытхъуэ-кІуэ-кьегъэлакІуэ отрядым и унафэщым *(зэгурыІуаэ)*

Гулиев М. Хь. - «КьегъэлакІуэхэм я урысей союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщым *(зэгурыІуаэ)*

Емкужев А. С. - Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ЩІыупсыр къэгъэсэбэпныныкмкІэ и департаментым и унафэщым и куэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм геологиемрэ лицензэхэр тыныкмкІэ щыІэ кьудамэм и унафэщым *(зэгурыІуаэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министр

Залиханов К. Хь. - **У**. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и куэдзэр *(зэгурыІуаэ)*

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къарэгъуй Б. Хь. - «Газпром Налшык газ тегуэшанІэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и гъэзэщІакІуэ унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэу *(зэгурыІуаэ)*

Кьудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связямкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Кьуныкъ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэзу хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Кучменов Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкІэ, тарифхэмрэ псэуплІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъныныкмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Мечукаев А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэ зыхьумэныкмкІэ и министерствэм и «Суд-медицинэ экспертизэмкІэ бюро» къэрал кІэзонэ Іуэхущ-ІапІэм и унафэщІыр

Нижник С. И. - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и ІуэхуэмкІэ, кьыізэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и кьудамэм и унафэщІыр *(Комиссэм жэуап зыхь и секретарщ)* *(зэгурыІуаэ)*

Пагуэ Ж. А. - ЩхъуакІуэхэм я куэдзэ-гъэхэм я кьащхьэщыныкмкІэ Іэнатіэмрэ щІыхь зэІуэзэпэщ псэукІэ кьыхуэзгъэпэщынымрэ якІэлъыплъныныкмкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Толгуров М. А. - Кьухьапіэ Каспий псы бассейн управленэм и унафэщым и куэдзэр - Псым и хуГуэфІыгГуэхэмкІэ Іуэхущ-ІапІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Хьэжькъаръ М. Хь. - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и ІуэхуэмкІэ, кьыізэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и куэдзэм и унафэщым и куэдзэр, кІэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэмкІэ управленэм и унафэщыр, мафІэсхэр къэмыгъэхъунымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Чочаев Хь. Хь. - «Метеорологие, нэгъуэщІ геофизикэ кьэхъуакъащІэжьи джэру хэлэбжьмкІэ Кавказ Ищхъэрэ военизированнэ Іэнатіэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ-ІапІэм и унафэщым *(зэгурыІуаэ)*

Шыбзыхъуэ З. А. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и кьудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэ хьэмэныкмкІэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр кьащыныгъэхъунымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм зэхъуэхьэныным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 19-м Налшык къалэ №122-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр кьыщыныгъэхъунымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа унафэ №16-ПП-мкІэ къыщащ, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэхьэныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Ведомствэхэм зэдай комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр (Ведомствэхэм зэдай комиссэм и унафэщым и куэдзщІ) *(зэгурыІуаэ)*

Канунников В. В. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьеГъэщІыпІа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыІуаэ)*

Пашаев М. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуаэ)*;

б) **Мамхэгъ Хь. Хь.** щІэуэ ирата кьулыкъум зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэгъэльэгъуэн - Бахъсэн къаІэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

в) Ведомствэхэм зэдай комиссэм кьыхэгъэкІыжьын Васильев С. В., Вербицкий А. И., МэкъуауэТ. Къ. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэ хьэмэныкмкІэ и министрыр

МУСУКОВ Алий

Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэр кІуэ пэтми тпэІэщІэ мэхъу, ауэ ди цІыхуэхэм зэрахьа лІыгГэр, къалъыкъуэкІа кьару мыкІуэщІыжьыр фэеплъ лъапІэу игьащІэкІи тщІыгъунущ. Ди щхьэхуитыныгъэм зи псэр щІэзытахэм, псэзэпыльхьэпІэ бзаджэм и мафІэ лыгъэм кІуэцІрыкІахэм я щІэмрэ я щхьэмрэ щІэблэр ирогушхуэ, иропагэ, ахэр я щапхъэ гъуэзэджэу къотэдж.

МЫСОСТЕЙ (Аруан) къуажэм и курыт школым и пщІантІэм дзэ фэеплъ екІум а жьлэм щыщу хэкІуэда зауэлІхэм я цІэхэр дыщэпскІэ тетхащ. Абыхэм яхэтщ Хьэщэ ТІуатІ и къуитІыр - Цамурз Хьэсэнрэ.

ЕпщыкІуиянэ лІащІы-гъэм хальхуэ, Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэсипщІ щрикъум Хьэщэ Зубэч и унагъуэм хьэхуэ щІалэ цІыкІум - ТІуатІ - кьыпэщылът пащтыхьыгГуэрэ, Октябрь революцэрэ, Граждан зауэри, коллективизацэри, Хэку зауэшхуэри игъэнэхуну, и щІэблэм я гуауэ игъэвыну. Лъэпкъ узыншэм и бынти, зиужьащ, нэхъыжь и жьІэ тету къэхуащ, балигъыпІэ щиувэм, унагъуэ зэриГэпэщащ. ТІуатІ мэшылІт, губГуэр лэжьыгъэхэм хуэІэзэт, Іэщ, шы гъэхуэным дихьэхырт. Езыр быныфІэт, и щхьэгъусэмрэ абырэ щІалищрэ хъыджэбзитІрэ зэдапІырт. Октябрь социалист революцэр кьыщыхьуам я къуэ нэхъыжь Цаму илъэс пщыкІуплІым, я курыт ПІытІэ - пщыкІуэм итт, я нэхъыщІэ Хьэсэн а гъэм кьалъхуати, я нэхъ гъэІэныр арат.

Хьэпъэт а лъэхъэнэр, зэблэкІыгъуэ зэман бзаджэт. Февраль, Октябрь революцэхэм цІыхуэхуэ хэкІуэдащ, ауэ гъащІэ нэхъыбэ зыхьар граждан зауэрщ. Абы щыізэпэщІэтыр тепщэгъуэр зейхэмрэ игъэпщыпІхэмрэ я зауэкъэтэкым, атІэ зэІыхьлыхэри, ЛъыкІэ зэшхэри - хэт плъыжьхэм е хужьхэм, хэти анархистхэм ядэщІу Іэщэкіэ зэпэщІэуват. Хьэщэ ТІуатІ и унагъуэшхуэр а псэзэпыльхьэпІэм кьиКІащ икІи Совет властым игъэува нэужь, абы зыдиуэзщІу хуежьащ. Зэкъуэшхэм я нэхъыжь Цаму адэм и щІэгъэкъуэнт, Іэхъуэпіэ Каспий псы бассейн управленэм и унафэщым и куэдзэр - Псым и хуГуэфІыгГуэхэмкІэ Іуэхущ-ІапІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Хьэжькъаръ М. Хь. - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и ІуэхуэмкІэ, кьыізэрымыкіуэ щытыкІэхэмкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и кьудамэм и унафэщым и куэдзэр, кІэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэмкІэ управленэм и унафэщыр, мафІэсхэр къэмыгъэхъунымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Чочаев Хь. Хь. - «Метеорологие, нэгъуэщІ геофизикэ кьэхъуакъащІэжьи джэру хэлэбжьмкІэ Кавказ Ищхъэрэ военизированнэ Іэнатіэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ-ІапІэм и унафэщым *(зэгурыІуаэ)*

Шыбзыхъуэ З. А. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и кьудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и куэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэ хьэмэныкмкІэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр кьащыныгъэхъунымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм зэхъуэхьэныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 19-м Налшык къалэ №122-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр кьащыныгъэхъунымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа унафэ №16-ПП-мкІэ къыщащ, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэхьэныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Ведомствэхэм зэдай комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр (Ведомствэхэм зэдай комиссэм и унафэщым и куэдзщІ) *(зэгурыІуаэ)*

Канунников В. В. - Урысей Федерацэм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьныр егъэфІэкІуэным, цІыхухэм хабзэм, пщІэ хуащІу, ар игъэзащІэу игъэсэныр, полицэм и лэжьакІуэм и пщІэр къэІэтыныр, нэгъуэщІхэри.

Коллегием и зэІуущІм ещІащІэта дэтхэнэ зы Іуэхуэгъуэми теухуа унафэ кьащтащ. Генерал-майор Ромашкин Игорь ахэр гъэзэщІэныкмкІэ жэуап зыхь унафэщІхэм яхуигъэбелджылащ я кьалэнхэр.

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхуэщ-ІапІэ.

Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэр кІуэ пэтми тпэІэщІэ мэхъу, ауэ ди цІыхуэхэм зэрахьа лІыгГэр, къалъыкъуэкІа кьару мыкІуэщІыжьыр фэеплъ лъапІэу игьащІэкІи тщІыгъунущ. Ди щхьэхуитыныгъэм зи псэр щІэзытахэм, псэзэпыльхьэпІэ бзаджэм и мафІэ лыгъэм кІуэцІрыкІахэм я щІэмрэ я щхьэмрэ щІэблэр ирогушхуэ, иропагэ, ахэр я щапхъэ гъуэзэджэу къотэдж.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къуэпс быдэ

Хьэщэ ПІытІэ

Хьэщэ Хьэсэн

МЫСОСТЕЙ (Аруан) къуажэм и курыт школым и пщІантІэм дзэ фэеплъ екІум а жьлэм щыщу хэкІуэда зауэлІхэм я щІэхэр щыІэ. Зэман докІри, Ленинград Дзэ-тенджыз академием ежьакІуэ ягъакІуэ, къиные вещественнэ псы щІагъыпэ-гъэ псы щІыГымрэ щызыІгъуэнэ-жу псыщІагъырыкІуэ кхъужьым и командиру ягъэувэ. Япэ ранГым и капитан адыгэ щІалэм абы куэдрэ кьулыкъу щищІэну хунэсакъым - 1939 гъэм и кІэхэм сымаджэ мэхъу, фэтэр щхьэхуэ хуэхэри, щІэІэзэн щхьэкІэ, Налшык къаГэкІуэж. Химик-гъэунэхуакІуэр кьрагъэгъ-лын папщІэ, властым и кьудамэхэм ялъэкІ кьагъэнэ-кьым, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы хущхъуэхэри, Дагъыстэным и кьурш лъагэхэм я хьэуа кьабзэри сэбэп хуэхъуакьым - илъэс щ-щІрэ плІырэ фІэкІа кьымыгъащІэу, 1940 гъэм и мазаем (февраль) дунейм ехьжащ. Мысостей кьуажэм кьыдэкІа кьулыкъущІэу дунейм ехьжажэм щыІэ, ящыщу, властым и унафэкІэ, нэщхьеягъуэ маршкІэ япэу щІалъхьар Хьэщэ ПІытІэщ.

Пасэу яІэщІэкІа щІалэм и гуауэр унагъуэм илът, илъэсым щІигъу дэкІами, текІуэ-тыртэкъым, мащІэу ужьхьрэ кьыізэщІэрыуэжу абы зэщІиБигъэт. ЦІыхум щыхуэгъэзавэкІэ, «ар фщыізыгъэгъупщэн Тхьэм фимигъэльагъуэкІэ» - жраІэ хабзэщ. Хьэщэ ТІуатІ и унагъуэм кьыпэплъэр ныгъэущІ. Я гуауэр зэщхьщыкІыну хунэмысу, фашист кьыухауэ, адэкІэ еджэным пищэну хэту, техьэгъуэ узыр кьыхуэкІуэри, и мурадыр кьызэпиудат. ЩІыпІэр ихуэжькІи хуейуэ кьыщыжьыкъуэкІыІ, и шынэхьыжь ПІытІэ кьалащхьэм здещІэри, дохутырхэр кьрегъэпль, кьрегъэІэзэ. И узынщагъэр хуэмурэ зэтеувэжу щыхуэжьэм, «ЗИЛ» автозаводыш-хуэм слесарь мэуВ, пщы-хьэщхьэкІэрэ аэроклубым кІуэурэ кхъужьльатэм и «щэхуэхэм» щыхуэджэ. Дзэм инстерствэм кьулыкъу щІэщІэ. Зэман докІри, Ленинград Дзэ-тенджыз академием ежьакІуэ ягъакІуэ, химиче вещественнэ псы щІагъыпэ-гъэ псы щІыГымрэ щызыІгъуэнэ-жу псыщІагъырыкІуэ кхъужьым и командиру ягъэувэ. Япэ ранГым и капитан адыгэ щІалэм абы куэдрэ кьулыкъу щищІэну хунэсакъым - 1939 гъэм и кІэхэм сымаджэ мэхъу, фэтэр щхьэхуэ хуэхэри, щІэІэзэн щхьэкІэ, Налшык къаГэкІуэж. Химик-гъэунэхуакІуэр кьрагъэгъ-лын папщІэ, властым и кьудамэхэм ялъэкІ кьагъэнэ-кьым, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы хущхъуэхэри, Дагъыстэным и кьурш лъагэхэм я хьэуа кьабзэри сэбэп хуэхъуакьым - илъэс щ-щІрэ плІырэ фІэкІа кьымыгъащІэу, 1940 гъэм и мазаем (февраль) дунейм ехьжащ. Мысостей кьуажэм кьыдэкІа кьулыкъущІэу дунейм ехьжажэм щыІэ, ящыщу, властым и унафэкІэ, нэщхьеягъуэ маршкІэ япэу щІалъхьар Хьэщэ ПІытІэщ.

Пасэу яІэщІэкІа щІалэм и гуауэр унагъуэм илът, илъэсым щІигъу дэкІами, текІуэ-тыртэкъым, мащІэу ужьхьрэ кьыізэщІэрыуэжу абы зэщІиБигъэт. ЦІыхум щыхуэгъэзавэкІэ, «ар фщыізыгъэгъупщэн Тхьэм фимигъэльагъуэкІэ» - жраІэ хабзэщ. Хьэщэ ТІуатІ и унагъуэм кьыпэплъэр ныгъэущІ. Я гуауэр зэщхьщыкІыну хунэмысу, фашист кьыухауэ, адэкІэ еджэным пищэну хэту, техьэгъуэ узыр кьыхуэкІуэри, и мурадыр кьызэпиудат. ЩІыпІэр ихуэжькІи хуейуэ кьыщыжьыкъуэкІыІ, и шынэхьыжь ПІытІэ кьалащхьэм здещІэри, дохутырхэр кьрегъэпль, кьрегъэІэзэ. И узынщагъэр хуэмурэ зэтеувэжу щыхуэжьэм, «ЗИЛ» автозаводыш-хуэм слесарь мэуВ, пщы-хьэщхьэкІэрэ аэроклубым кІуэурэ кхъужьльатэм и «щэхуэхэм» щыхуэджэ. Дзэм щыдашым, зэрыадыгэм щхьэкІэ, «шы Іуэхум фІыуэ хьбощІыкІ» жаІэри, шуудзэм хагъэхьэну хуежьат, ауэ аэроклубым зэрыщІэсар, парашютым зэрыхуэІэзэр кьыщащІэм, Борисоглебск авиацэ еджапІэ ежьакІуэ, ар щыгъэу ИІэу кьуэх.

- Лейтенант нэхъыщІэ Хьэщэ Хьэсэн кхъужьльатэ лІэужьыгъэ псоми фІыуэ хьщыкІ, дэтхэнэми губзыГэу, тегушхуауэ ирольэтэф. Программэр кууэ иджащ, жащми махуэми и кьалэныр зэрригъэзэщІэным хуэхьэзырщ, - итт еджапІэр кьыщиухым хуатха тхыльым.

Зауэм щыщІидзам Хьэсэн истребительнэ авиаполкым кьулыкъу щищІэрт, звеном и командирт. Зэшхэм я нэхъыжь Цаму зэрыхэкІуэдар я унагъуэм дежкІэ удынышхуэт. И адэ-анэри, и шыпхъуитІри иджы Тхьэ зыхуельэІуР кьахуэнэжа я щІалэ закъуэрт - Хьэсэнт. Ар зауэм и курыкупсэм хэтт, бийм кьиувыкьа Ленинград кьалэм и узэгу ихьумэрт. Хьэсэн и хьыбар к

Пхудогъэфащэ псалъэм я нэхъ Іэфіыр

Къардэн Мухьэмэд

Гуапэу, зэпІэзэрыту къэгъэуэгурыКІуэ, зи акъылымрэ зи щІэныгъэмрэ фЫы щІэным хуэгъэпса цІыхур гъащІэ кІыхьщ жаІэ. Ар епхьэлІэ хъунущ мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа, Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ нэхъыжьыфІ Къардэн Мухьэмэд Чэрим и къуэм.

МУХЬЭМЭД зымыцІыху е абы и цІэм щымыгъуазэ ди районым ису къыщІэкІынкъым. И тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ ар щІэх-щІэхыурэ унагъуэхэм йохьэ, щІыналъэм щекІуэкІ Іуэхуфіхэм, І энатІэхэм я щытыкІэм газетеджэхэр хегъэгъуазэ, цІыху гуащІафІэхэр ярегъэцІыху. Мухьэмэд тхэным гу зэрэхуищІрэ илъэс 60-ирокъу. КъБР-м, Бахъсэн районым къыщыдэкІ газетхэмрэ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ я ныбжьэгъуфІщ.

Курыт еджапІэр хъарзынэу къэзыуха ныбжьыщІэр зэрызэчиифІэр бзянт. Польшэм щыІэ Ищхьэрэ советыдзэ гупым хэту зи къулыкъур дагъуэншэу езыхьэкІ щІалэр зэрыжаныр, зэрыгумызагъэр псынщІэу хэІущІыІу хъуат. Пэжымрэ захуагъэмрэ зи гъуазэ зауэлІ нэмысыфІэм и унафэщІхэмрэ политлэжьакІуэхэмрэ я деж пщІэ щиІэт, я дзыхь къарагъэзырт, пщэрылъ щхьэхуэхэр къыщыІыгьт. Курыт школым фІыуэ зэрыщеджэр, зэрыгурыхуэр, тхэным зэрыдихьэхыр ящІэрти, зыхэт частым, ротэм къыщыдэкІ блын газетхэм я редколлегием хагъэхьэ. Ар щІэдзапІэ хъарзынэти, Ищхьэрэ советыдзэ гупым къыщыдэкІ «Знамя Победы», «Крылья Советов» газетхэм жыджэру яхуэтхэу хуохьэ, штатым хэмыт дзэ корреспондент мэхъу. И къулыкъури а къалэнри зэпэщу зэрызэдихьым кьыпэкІуэу ягъэпажэрт, щІыхь тхылъхэр, саугъэтхэр кьыхуагъэфащэрт.

Апхуэдэ щытхъухэр иІэу, куэдым хэгъуэзауэ щІалэ къуданым къигъэзэжащ икІи, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІэтІысхьэри, ветеринару еджащ. Къыщиуха 1968 гъэм Хьэмащэ хъупІэм и штабым ягъакІуэри, Іэщ дохутыр нэхъыщхьэу ильэситхукІэ абы щылэжьащ. А лъэхъэнэм Къущхьэхъум былымышхуэ щаІыгът. Абыхэм я щытыкІэр, я узынщагъэр зыхуэдэмкІэ псом япэу жэуапткІуэр Къэрдэн Мухьэмэдрэ и лэжьэгъуэмрэт. Фермэхэр зэпэжыжьэт, ахэр зэщІагъэхьэн хуейти, етІысэх яІэтэжьым. ИтІани, Іуэхум къыщыдэхуэ зэманым тхэныфэтхылымрэ яхухихырт, и Іэдакъэщ Іэкіхэр республикэм къыщыдэкІ газетхэм къытридзэрт. Апхуэдэуи екІуэкІыурэ, и зэфІэкІыр, зэрыгумызагъэр кьалъытэри, Ислъэмей къуажэм щызэхэт «Красная Кабарда» колхозым Іэщ дохутыр нэхъыщхьэу яшэж. ФІыщІэрэ щытхъурэ иІэу жэуапныигъэщхуэ зыпылъ ІэнатІэр ильэс щэщІым щІигъкІэ Мухьэмэд зэрихьащ. Пашэхэм хабжэрт, и цІэр зэІущІэхэм къыщрагъэрт, щапхъэу ягъэлъагъуэрт. Хозяйствэм и зыужьныигъэм хуиІуэ хэлъхьэныгъэм папщІэ, «Красная Кабарда» хозяйствэм щІыхь зиІэ и колхозхэт» цІэр фІащащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр кьратащ.

Къардэн Мухьэмэд кьалэмыр зэи игъэтІылъакъым. Абы и тхыгъэхэр, и жыІэгъуэхэр, цІыху гуащІафІэхэм ятеухуа и очеркхэр республикэ газетхэм щІэх-щІэхыурэ кьытохуэ, и рассказхэр «Іуащхьэмахуэ» журналым тредзэ. И Іэдакъэщ Іэкіхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэ игъэхьэзыраци, ар къыщыдэкІынум дыпоплъэ.

Мис апхуэдэу мэпсэу, къоГуэгурыкІуэ Ислъэмей къуажэм щыщ нэхъыжьыфІ, адэ быныфІэ Къардэн Мухьэмэд Чэрим и къуэри, дяпэкІи кьыхупищэну ди гуапэщ.

ПщІэ зыхуэтщІ ди ныбжьэгъуфІ, цІыху Іуамахуэ! Дызэрэпхуэупсэ мы усэр уи илъэс 80-м Тхъэм фІыкІэ пигъэджэж:

ГъащІэм и Іэфіыр псэкІэ зыхэпщІэу,
Дэтхэнэ махуэри гущІэм щыбгъафІэу
КъэпкІуащ пхуэфащэу уи илъэс пщІейр-
Ар уэ уи гуащІэщ, псори ууейщ.
Гъэ бгъущІым мащІэу гъунэ ипльами,
Уитщ ноби лІыпІэм, Тхъэр пхуэупсауэ.
Жьыгъэр бжэкъуагъым кьыпхукъуэпльами,
КъытфІэщІкъым ар уэ кьыпльэІэсауэ.
Тхуэпсэу ди кьуэш, тхуэгъабзэ уи кьалэмыр,
Дэ уэ иджыри куэдкІэ дыпщогугъ.
Пхудогъэфащэ псалъэм я нэхъ Іэфіыр,
Пхуэгъэзэа хъуэхъур псоми кьыддаІыгъ.
Уи илъэс пщІейм гугъэфІхэр пхуэзэпищэу,
Уи І эрыкІ тхыгъэхэр тыгъэ-тын кьытхуэщІ.
Нобэ хуэдэу жьантІэр пхуагъэфащэу,
Хъуэхъу зыхуаІэтын дапщэщи Тхьэшхэм уищІ!

ЩЭРДАН Хьэсэнбий.
Бахъсэн районым, Ислъэмей къуажэ

• Дифі догъэлъапІэ

Журналистхэм я Урысей фестивалым хэтщ.

Пхъурылъхум удз гъэгъакІэ егъэгуфІэ.

И къуэм и гъусэу.

Ипхъум и гъусэу.

Дахэнагъуэ и гугъэмрэ гъащІэмрэ

КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК -м и урыс къудамэм и унафэщІ Бищ Іо Іэсият мэхъуауэгъуэм и 19-м и ныбжьыр ильэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ. Зи гуащІэм лэжьыгъэ купщІафІэхэр къыпыКІ бзылъхугъэм кьыджІахэмкІэ ди гуапэу дывдогуашэ.

- Іэсият, уи Іэщ Іагъэр сабиигъуэм къыщежьа хьэпсапІэ, хьэмэ...

- СызэрыцІыкІуре сызэхуэпсэу щытар юрист Іэщ Іагъэрщ. Абы щыгъуэ юрист, экономист Іэщ Іагъэхэр иджы хуэдэу «моднэтэкъым», ауэ хэлът сызэдэхьэх гуэр. Ди университетым иІэтэкъым юридическэ факультет. Седжэнымэ, нэгъуэщІ кьалэ сыкІуэн хуейт, си анэм и закъуэ къэзгьанэу (си адэр сыцІыкІуу дунейм ехьжащ). Си анэм: «Уэри уи закъуэу абы ущыІэу, сэри си закъуэу сыкъанэщ хьункъым. ЕгъэджакІуэ ухуэамэ арат - ар цІыхубз Іэщ Іагъэщ. Ди къуажэм дэс егъэджакІуэхэм сохъуапсэ, псоми кьащІэ, пщІэ кьыхуащІ», - щыжиІэм, абы сэ себакъэбэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Сыт хуэдизу юрист Іэщ Іагъэм сыхуэмыпабгъэми, си анэм и зы гукъеуэ и уасэтэкъым ар. Арати, педучилищэм сыщІэтІысхьащ, къэзэхри, абы адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу сыкъэнэжащ. ИужькІэ ди университетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ и кьудамэри кьыщызыхьжащ. Педучилищэм сыкьикІри, телевиденэм сыкьыщыхутащ. Журналист Іэщ Іагъэр, кууэ укІуэцІрыплъмэ, юристым ебгъэщхь хъунущ, зыгуэр кьэптІэщІын, и пэжьІпІэм, и лъащІэм уПэІэсын хуейуэ Іэщ ІагъитІми кьыпхуагъэуври. ЖурналисткэмкІэ си сабий хьуэпсапІэм пэгъунэгъу сищІауэ арагъэнщ гъащІэм.

1990 гъэхэм телевиденэм лэжьэн щыщІэздзащ. Лъэпкъыбзэхэм я пщІэр кьыдэхэжьным, тхыдэр, хабзэр къэІэтыжьным иужь щит зэмант. «Учебная редакция» жьхуэтІэр телевиденэм щІэуэ кьыщызэрагъэпэщат. Къуэдзокъуэ Хьэсэн си редактор нэхъыщхьэти, икъукІэ сэбэп кьыскуэхьурт. ЦІыху зэтет, зи кьэухьыр ин, акъыльфІэ сыпэщІэхуат, си насып кьихьри. Куэдым дыхуигъэсащ Хьэсэн. Иджыри лэжьыгъэ гуэрым зыщеспщыткІэ, Хьэсэн и чэнджэщхэр сигу кьэокІыж: «Ярэби, Хьэсэн кьысхуигъэдэхну пІэрэт, дауэ кьыщыхъуну пІэрэт, мыпхуэдэу сщІымэ», - жысІэу согупсыс.

- Уи нэтынхэм уи псэм щыщ яхэлъу кьыщІэкІынщ, дауи. Зыгуэрхэр кьахэбгъэщхьэхуКІрэ?

- Телевиденэм япэ лъэбакъуэр зэрыщысчар цІыхубзхэм папщІэ згъэхьэзыру щыта «Дахэнагъуэ» журналырщ. ИлъэсипщІым щІигъкІэ зэпымыууэ мазэ кьэс кьыдзэгъэкІащ. Телевизореплъхэр а си образым апхуэдизкІэ есати, Дахэнагъуэ кьысфащат. Иджыри кьыздэсым, «Дауэ ущыт, Дахэнагъуэ?» жаІэу кьыщысщІэупщІэ щыІэщи, си гуапэщ. Пьэпкъ Іуэхум теухуауэ егъэкІуэкІырт «Акъыл жан» зи фІэщыгъэ джэгуэзэпеуэр. ЩІэупщІэ иІэу ари илъэс зыбжанэкІэ екІуэкІащ. Нэтыным и лъэужьыр иджыри кІуэдакъым. Бахъсэн щІыналъэм щыІэ школхэм а фІэщыгъэр иІэу нобэ кьыздэсым зэпеуэ щрагъэкІэкІ. Абы кьыбжеІэ нэтыным цІыхухэр яфІэфІу еплъу зэрыщытар. Сэри абыкІэ сиІа мурадыр кьызэхьулІащ. Хамэ щІыпІэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ядезгъэкІуэкІыу щытащ «Ди лъэпкъэгъуэхэр» нэтынщ. «ЛІэщІыгъуэхэм я джэрпэджэж» нэтыныр тхыдэм пэгъунэгъут. Тхыдэджэр, щІэныгъэлІхэр кьезгъэбгъагъэрти, лъэпкъ тхыдэм телевизореплъхэр хэгъэгъуэзэнымкІэ зэри сэбэпт. «Ди хуитныигъэхэр тщІэуэ пІэрэ?» нэтыным республикэ, кьалэ прокуратурэм и лэжьакІуэхэр, юристхэр кьезгъэблагъэрт. Я Іуэху дэкІын папщІэ цІыхухэм гъащІэм кьащыухэсэбэпын чэнджэщ куэд щызэхахырт абы. А нэтыныр спэгъунэгъу дыдэт, юристхэм саззрыІуцІым кьыхэкІыу.

- Уи лэжьакІуэхэр сытым хуэдущийрэ?

- «Уи пщэдджьжь фІыуэ, Хьэсэн-Балъкъэр» жьхуэтІэр телевиденэм ибылти, абы и редактор нэхъыщхьэ сащІат Іоным Іуэм. Хьибаррэ макъамэу зэщІэт нэтыныр си нэІэ щІэтт. Абы щыІэхэр щІалэгъуалэ защІэт, гъэсакІуэ кьалэнри си пщэ кьыдэхуат. Иджыпстуи редакцэм хэтым и нэхъыбэр щІалэгъуалэщ. Абыхэм яжесІэр зыщ: «ФэрыщІагъ зыхэвмылъхьэ, фи акъылрэ зэфІэкІрэ феплъыж, фи щІэныгъэм хэвгъахьуэ. Дунейм фызэрытетым хуэдэущ экранми фыкьыщзэрищым хуейр. Е экраным щывгъэлъагъуэ хабзэ-бзыпхъэр, псэлъэкІэ гуапэр гъащІэми фэрыщІыншэу щызыхэвгъэлъэ».

- Уи унагъуэ и гугъу уэзгъэщІынут.

- Си щхьэгъусэмрэ сэрэ быниті диІэщ. Хъыджэбзыр нэхъыжьщ, унагъуэ ихьащ. И Іэщ Іагъэкі инженер-технологщи, абы иролажьэ. Унагъуэ насыпыр зыхьдзэыгъащІэ пхъурылъху щыІыкІым дигу хегъахъуэ.

ЩІалэм унагъуэ иуху щыкІэхъым. Ар Егъуэк Анзэр зи унафэщІ школ №31-м щеджэрти, «Къан» и фІэщыгъэу «Кабардинкэм» и студие абы щыІэм хэтт. Школыр кьыщиух ильэсым а студиери кьиухащ. Аттестатым и гъусэу «Къаным» и дипломи кьратыжащ. Хуейм кьэфэну, хуеймэ балетмейстеру лэжьэну Іэмал кьритырт дипломым. Замир экономист Іэщ Іагъи щызригъэгъуэтащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. «Кабардинка» ансамблым кьащтэри, абы хэту кьафэу щытащ. Илъэс ныкъуэ дэкІуэ, хамэ къэрал кІуащ. Тыркум, и Кьайсэр кьалэм Думэныщ Іэуэдин щыІэт абы щыгъуэ, Хасэм щылажьэу. Іэуэдин Замир кьицІыхурт, и кьэфэкІэм щыгъуаззэти, абы и сэбэпкІэ Тыркум кІуащ. Илъэс 18 хъууэ арат и ныбжьыр. «Дауэ си гум идэу сутІыпщат?» - жысІэу согупсыс иджы. Илъэс 12-нэр йокІуэкІ абы ІьандэрэІ. Иджы Замир Кьайсэр, Адана, Анкара щыІэ Адыгэ Хасэхэм балетмейстеру щолажьэ. Нэхъ щыкІу дыдэхэри ныбжь зиІэхэри егъасэ. Гурэ псэкІэ яхэтщ, есащ абы щыІэ ди лъэпкъэгъухэм. ФІыуэ кьалъагъу, езыми фІыщІэ ещІ. Куэдым гу щыльитащ, зыщыхуигъэсащ Тыркум. КІэщІу жыпІэмэ, щІэхыу балигъ щыхъуащ а къэралым.

- Уи бынхэр щыщІыкІум телъыджэ ящыхъуу кьыщІэкІынт телевизорым укъызэригъэлъагъуэр?

- Щынэхъ цІыкІухэм яфІэгъэщІэгъуэнащ. Школым щыщІэсым ТІуми зы хьэл яхэлът абы теухуауэ. Си лэжьэгъуэхэр Іуэхуклэ школым кІуамэ, абы щыІэ студием нэтын трахмэ, щІалэми хьыджэбзми загъэпщкІурт. Апхуэдэу щхьэ фыщыт, жысІэу сыщыщІэупщІэм, «Я анэр телевиденэм щолажьэри, езыхэри кьегъэлъагъуэ жаІэнкІэ хъунущи, доукІытэ»,- кьыжаІэрт.

- Уи лэжьыгъэм къинэмыщІауэ сытым уди хьэхрэ?

- СыщыщІыкІум щегъэжьауэ, «адыгэ бзылъхугъэм ахэр хуэщІэн хуейщ»,- жиІэурэ, зэрыдэ машинэм сыбгъэдигъэтІысхьэурэ зыгуэрхэм сыхуигъэсащ си анэм. Ауэ ар «хобби» жыхуэтІэракъым.

ПщэфІэн жыпІэмэ... Абы зыгуэр хэзымыщІыкІ бзылъхугъэ щыІэ си гугъэкъым. «Дахэнагъуэ» тележурналым «ЛэгъупІэмпІэ» Іыхьэ хэтт. Ар пщэфІэкІэ сщІэнымкІэ сэбэп кьысхуэхъуащ. Ар ныбжьыр зыгуэрхэм ящыщІыкІ. Ар хуэдэу Іэзэу пщафІэхэм ящыщІыкІэ, зезгъэсарэт, жыпІэнкъэ! Си анэр щыпсэум «Дахэнагъуэ» тележурналым щыщ къигъэлъэгъуэху, сэ хьэкум сыкІэригъэувэрт: «Мыр дыбгъэлъагъукІэ зэфІэкІыркъым, мис иджы пщэфи и Іэфіыр зыхэдгъащІэ», - жиІэрти. Щэху куэд кьыбощІэ. Псалъэм папщІэ, кхъуейжьапхъэр нартыху хьэжьигъэм кьыхэсщІыкІыу щытати, «ЛэгъупІэмпІэм» щыпщафІа цІыхубзым ар хугум кьыхищІыкІыу слъэгъуати, сэри абы сыхуэкІуащ. Джэдлыбжьэми и пщэфІыкІэм теухуауэ нэтын сщІауэ, зэгуэрым Тэрч лъэныкъуэмкІэ письмо кьысхуратхэкІ: «Джэдлыбжь зэращІ пщІэну ухуейкъ, ди деж кьакІуэ, Іэсият»,- жари. КьызэрыщІэкІымкІэ, Къэбэрдеишхуэмрэ Джылэхъстэнеймрэ а шхыныгъуэр зэмыщхьу япщэфІ. ПщэфІэныр сыдэзыхьэх, зыззрытезгъэу гуэру аракъым, атІэ ари цІыхубз кьалэнщ.

- Іэсият, уи гъащІэ гъуэгуанэм ущрилъэжкІэ, сыт хуэдэ гупсысэм ухуэкІуэрэ?

- *(Кьылогуфыкі)* «Гугъэмрэ гъащІэмрэ» и фІэщыгъэу нэтын згъэхьэзыру щытащ. ПщІэ зиІэ, щапхъэ зытепх хъуну цІыху куэд псэльэгъу щысхуэхьауад абы. Мы упщІэр естыну сфІэфІ дыдэт абыхэм. Ауэ абы жэуап ептыну апхуэдизу гугъуу сщІакъым... Пэжщ, гъащІэм куэдрэ уроплъэж, къызэщІыбокъуэж, узыщІогупсысыж. Си хьэлкІэ тІэкІу сызанщІэІуэу пІэрэ жызоІэ. Зэхуагъэ сытми хэльын хуейуэ кьызолъытэри, Іуэхур нэгъуэщІу хъумэ, си гум ёожалІэ. Ауэ... СызоплъэкІыжри, а хьэл-щэным тыншу уигъэпсэуркъым. ИтІани ар схузыхэнкъым. Пэжым гугъу уригъэхьыжми - нэхъыфІщ, зыри кьыпфІэмыІуэхуу дунейм утет нэхърэ.

- Улэсу, Іэсият, уи унагъуэмрэ уи Іэщ Іагъэмрэ я гуфІэгъэу плъагъуну ди гуапэщ!

Епсэльар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Телевиденэр илъэс 50 щрикъум.

Художественнэ редакцэм зегъэпсэху.

Кулижан езэшыркъым

• Дэ къытхуатх

Егъэджакіуэм и лэжьыгъэр къыззрапщытэр ар зэрылэжьа илъэс бжыгъэркъым, атІэ абы и еджакІуэхэм гъащІэм щаубыд увыпІэмрэ цІыхуэхэм къыдалъагъу гъэсэныгъэмрэщ. Ахэр къулыкъущІэ е цІэрыІуэ мыхъункІэ Іэмал имыІэу щытхъым, къыззрыгуэкІ цІыху пэж, гъэса, къызыхэкІа лъэпкъым, къуаэм хуэщхьэпэныщ нэхъыщхьэр.

Сэхъурокъуэ Кулижан

ЕГЪЭДЖАКІУЭМ и дежкІэ насыпыщхуэщ, гъэугу захуэм цІыхур тезыгъэзэщІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ еджапІэм къыщІахьэ. Апхуэдэ цІыху насыпыфІэу зелъытэж мы тхыгъэ кІэщІыр зытеухуа, Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм и курыт еджапІэ №02-м урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ ильэс 40-м щІигъуауэ щезыгъэдж Сэхъурокъуэ Кулижан Мухьэрбий и пхъум.

Зэрылажьэ зэманым кьриубыдэу Кулижан еджакІуэ куэд школым къыщІигъэкІащ, гукІи псэкІи кьыхуэарэзыуэ. Ныбжьыщ Іэхэм щІэныгъэм кьыдэкІуэу, гъэсэныгъэ дахэрэ Іущыгъэрэ яхелъхьэ, цІыху гуапэу дунейм тетыну кьыхуреджэ. Псэ хьэлэл зиІэ, зи Іэщ Іагъэр, сабийхэр фІыуэ зыльагъу егъэджакІуэр зыщымысхьажу ноби мэлажьэ.

Категорие нэхъыщхьэ зиІэ Кулижан щытхъу, щІыхь тхылъ зыбжанэ кьыхуагъэфэщащ КъБР-м щІэныгъэмкІэ и министерст-вэм, Аруан щІыналъэм и Іэщ Іагъэкі инженер-технологщи, абы иролажьэ. Унагъуэ насыпыр зыхьдзэыгъащІэ пхъурылъху щыІыкІым дигу хегъахъуэ.

ЩІалэм унагъуэ иуху щыкІэхъым. Ар Егъуэк Анзэр зи унафэщІ школ №31-м щеджэрти, «Къан» и фІэщыгъэу «Кабардинкэм» и студие абы щыІэм хэтт. Школыр кьыщиух ильэсым а студиери кьиухащ. Аттестатым и гъусэу «Къаным» и дипломи кьратыжащ. Хуеймэ кьэфэну, хуеймэ балетмейстеру лэжьэну Іэмал кьритырт дипломым. Замир экономист Іэщ Іагъи щызригъэгъуэтащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. «Кабардинка» ансамблым кьащтэри, абы хэту кьафэу щытащ. Илъэс ныкъуэ дэкІуэ, хамэ къэрал кІуащ. Тыркум, и Кьайсэр кьалэм Думэныщ Іэуэдин щыІэт абы щыгъуэ, Хасэм щылажьэу. Іэуэдин Замир кьицІыхурт, и кьэфэкІэм щыгъуаззэти, абы и сэбэпкІэ Тыркум кІуащ. Илъэс 18 хъууэ арат и ныбжьыр. «Дауэ си гум идэу сутІыпщат?» - жысІэу согупсыс иджы. Илъэс 12-нэр йокІуэкІ абы ІьандэрэІ. Иджы Замир Кьайсэр, Адана, Анкара щыІэ Адыгэ Хасэхэм балетмейстеру щолажьэ. Нэхъ щыкІу дыдэхэри ныбжь зиІэхэри егъасэ. Гурэ псэкІэ яхэтщ, есащ абы щыІэ ди лъэпкъэгъухэм. ФІыуэ кьалъагъу, езыми фІыщІэ ещІ. Куэдым гу щыльитащ, зыщыхуигъэсащ Тыркум. КІэщІу жыпІэмэ, щІэхыу балигъ щыхъуащ а къэралым.

- Уи бынхэр щыщІыкІум телъыджэ ящыхъуу кьыщІэкІынт телевизорым укъызэригъэлъагъуэр?

- Щынэхъ цІыкІухэм яфІэгъэщІэгъуэнащ. Школым щыщІэсым ТІуми зы хьэл яхэлът абы теухуауэ. Си лэжьэгъуэхэр Іуэхуклэ школым кІуамэ, абы щыІэ студием нэтын трахмэ, щІалэми хьыджэбзми загъэпщкІурт. Апхуэдэу щхьэ фыщыт, жысІэу сыщыщІэупщІэм, «Я анэр телевиденэм щолажьэри, езыхэри кьегъэлъагъуэ жаІэнкІэ хъунущи, доукІытэ»,- кьыжаІэрт.

- Уи лэжьыгъэм къинэмыщІауэ сытым уди хьэхрэ?

- СыщыщІыкІум щегъэжьауэ, «адыгэ бзылъхугъэм ахэр хуэщІэн хуейщ»,- жиІэурэ, зэрыдэ машинэм сыбгъэдигъэтІысхьэурэ зыгуэрхэм сыхуигъэсащ си анэм. Ауэ ар «хобби» жыхуэтІэракъым.

ПщэфІэн жыпІэмэ... Абы зыгуэр хэзымыщІыкІ бзылъхугъэ щыІэ си гугъэкъым. «Дахэнагъуэ» тележурналым «ЛэгъупІэмпІэ» Іыхьэ хэтт. Ар пщэфІэкІэ сщІэнымкІэ сэбэп кьысхуэхъуащ. Ар хуэдэу Іэзэу пщафІэхэм ящыщІыкІ, зезгъэсарэт, жыпІэнкъэ! Си анэр щыпсэум «Дахэнагъуэ» тележурналым щыщ къигъэлъэгъуэху, сэ хьэкум сыкІэригъэувэрт: «Мыр дыбгъэлъагъукІэ зэфІэкІыркъым, мис иджы пщэфи и Іэфіыр зыхэдгъащІэ», - жиІэрти. Щэху куэд кьыбощІэ. Псалъэм папщІэ, кхъуейжьапхъэр нартыху хьэжьигъэм кьыхэсщІыкІыу щытати, «ЛэгъупІэмпІэм» щыпщафІа цІыхубзым ар хугум кьыхищІыкІыу слъэгъуати, сэри абы сыхуэкІуащ. Джэдлыбжьэми и пщэфІыкІэм теухуауэ нэтын сщІауэ, зэгуэрым Тэрч лъэныкъуэмкІэ письмо кьысхуратхэкІ: «Джэдлыбжь зэращІ пщІэну ухуейкъ, ди деж кьакІуэ, Іэсият»,- жари. КьызэрыщІэкІымкІэ, Къэбэрдеишхуэмрэ Джылэхъстэнеймрэ а шхыныгъуэр зэмыщхьу япщэфІ. ПщэфІэныр сыдэзыхьэх, зыззрытезгъэу гуэру аракъым, атІэ ари цІыхубз кьалэнщ.

- Іэсият, уи гъащІэ гъуэгуанэм ущрилъэжкІэ, сыт хуэдэ гупсысэм ухуэкІуэрэ?

- *(Кьылогуфыкі)* «Гугъэмрэ гъащІэмрэ» и фІэщыгъэу нэтын згъэхьэзыру щытащ. ПщІэ зиІэ, щапхъэ зытепх хъуну цІыху куэд псэльэгъу щысхуэхьауад абы. Мы упщІэр естыну сфІэфІ дыдэт абыхэм. Ауэ абы жэуап ептыну апхуэдизу гугъуу сщІакъым... Пэжщ, гъащІэм куэдрэ уроплъэж, къызэщІыбокъуэж, узыщІогупсысыж. Си хьэлкІэ тІэкІу сызанщІэІуэу пІэрэ жызоІэ. Зэхуагъэ сытми хэльын хуейуэ кьызолъытэри, Іуэхур нэгъуэщІу хъумэ, си гум ёожалІэ. Ауэ... СызоплъэкІыжри, а хьэл-щэным тыншу уигъэпсэуркъым. ИтІани ар схузыхэнкъым. Пэжым гугъу уригъэхьыжми - нэхъыфІщ, зыри кьыпфІэмыІуэхуу дунейм утет нэхърэ.

- Улэсу, Іэсият, уи унагъуэмрэ уи Іэщ Іагъэмрэ я гуфІэгъэу плъагъуну ди гуапэщ!

Епсэльар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

УсакІуэмрэ щІэблэмрэ

• Прохладнэ щІыналъэ

УсакІуэшхуэ Пушкин Александр и Іэдакъэщ Іэкі мыкІуэдыжхэм кьыдэкІуэтей щІэблэр нэхъри пэгъунэгъу щІыным теухуа зэІущІэхэм адэкІи кьыпащэ.

КЪЭРЭГЪЭШ дэт къуажэ библиотекэм а Іуэхум теухуауэ программэ щхьэхуэ игъэхьэзырауэ, абы тету иджыпсту мэлажьэ. Программэм хэтщ сабийхэм я зэхэщІыкІым зезыгъэужь джэгуКІэхэр, усакІуэм и тхыгъэхэм теухуа викторинэхэр. Апхуэдэу иджыблагъэ мыбыхэм ираГъэкІуэкІащ «Урысейм къыдекІуэкІа таурыхъэхэр» зыфІаща литературэ-таурыхъ дунеепльэ. Ар теухуат Пушкин Александр и гъащІэмрэ тхыгъэхэмрэ. Псоми фІыуэ яльагъу Пушкиным и таурыхъэмкІэ ираГъэкІуэкІа зэпеуэм щытекІуащ етІуанэ классым щеджэ Хьэмдзхъу Сэлим, етІуанэ увыпІэр ПщІыкІ Миланэ (6-нэ класс), ещанэр - Уэрдокъуэ Іэидэ сымэ кьахьащ.

Зэпеуэр нэхъри игъэдэхащ зи школ кІуэгъуэ нэмыса цІыкІуэхэри абы зэрыхэстам. Сабийхэм ираГъэльагъу суРэтхэмкІэ щыуагъэншэу кьащІэрт ахэр зытращІыкІа таурыхъэхэм я цІэр. Апхуэдэ зэпеуэхэр щекІуэкІащ Солнцеград» гъэмахуэ лагерым зыщызыгъэнсэху сабийхэр. Абыхэм папщІэ кьызэрагъэпэщат «Лукоморьем - дунеепльэ», «Русланрэ Людмилэрэ дэщІыгъу хъугъуэфІыгъуэхэр кьэдвгъэльэныхъуэ» зыфІаща зэпеуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъуэгу къежьапІэ

Уэзрокъуэ Темыркъан уэрэд жеІэ

Дэтхэнэ зы цІыхуми зэфІэкІ гуэр бгъэдэлъу къалъхуу жаІэ, абы сэри шэч къытесхьэркъым. Ауэ зэфІэкІым и закъуэ мащІэщ цІыхур къыдэпхьэхын, цІыхубзм фІыуэ укъалъагъун папщІэ. Сэ сызэреплъымкІэ, хьэл-щэн дахэ пхэлъэ уи лэжьыгъэ фІыуэ пщІэжмэ, абы нэхъ дэІэпыкъуэгъуи ухуейкъым.

ЗЭФІЭКІ бгъэдэлъэр зэрыладыгэр зи напщІэм темыкІ, ар зи теплъэкІи хьэл-щэнкІи къэзыгъэлъагъуэ щІалэщІэщ Уэзрокъуэ Темыркъан. Ар Старэ Шэрэдж къуажэм щыщщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыцІэрыІуэ, нобэ куэдым яІыхуу уэрэджыІакІуэщ.

Темыркъан и творчествэм сыдигъкІэ зэпытщ икІи си мызакъуэу, куэдми гу лъатэ абы игъэзащІэ уэрэдхэм ар езыр зэрыхуэфащэ дыдэр.

«УэрэджыІакІуэ зэрыхъунум зэи шэч кІыятесхьэртэкъым, - жеІэ абы и анэм. - Ар зэрысабий лъандэрэ макъамэм дехьэх, ди уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм я творческэ гъуэгуанэм кІэлъоплъ».

Пэж дыдэуи етхуанэ классым зэрыкІуэ лъандэрэ Уэзрокъуэм япэ, етІуанэ увыпІэжр къыщІэхъ республикэ зэпеуэхэм. Нобэ ар уэрэджыІакІуэщ икІи композиторщ, КъБКъУ-м Филологическэ и институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и къудамэм щоджэ, къыщалъхуажэ школым макъамэмкІэ, уэрэдымрэ къафэмкІэ щрегъаджэ. Пэлэкъыми республикэми я дежкІэ апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр зыдэзыхь щІалэм адыгэлІ нэскІэ уеджэныр хуэфащэ дыдэщ. Ар псом япэу си фІыщІэр и адэ-анэр арагъэнщ.

Уэзрокъуэр сыт щыгъуи гуапэу, фІыщІэ ин хуищІу къыщалъхъ гъуэджэм и гъуэгур абы къыхуэзІуныха композитор Къул Амир.

Сохъуэхъу и творчествэм хигъахъуэу, и мурадхэр къехъулІэрэ Іэху зыпэрыхьэр дахэкІэ иухыу Темыркъан куэдрэ и ІэщІагъэм ирилэжьэну.

ХЬЭЩПАКЪ Фатіимэ,
КъБКъУ-м Филологическэ и институтым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и къудамэм и студентк.

● Щ1э

Иджырей мардэм тет «Джэдыкъуэ» зыгъэпсэхупІэ

Бахъсэн щІыналъэм къыщыгъэІуахащ узынщагъэр щрагъэфІакІуэ-зыщагъэпсэху «Джэдыкъуэ» аквапарк. Ар хуэдэ Кыщпэк къуажэм къыпекІуэкІ Прохладнэ - Іуащхьэмахуэ гъуэгум и бгъум.

ІЭЩІАГЪЭПІХЭМ зэрыжаІэмкІэ, Кыщпэк къыщыщІэж псы хуабэм, Іэпкълъэпкъым узыр хэзыгъэкІ, лъыр фІыуэ зезыгъаКІуэ хущхъуэгъуэзкр хэлъщ. Анхуэдэуи псым зыщагъэпскІыну сэбэпу къалъыташ къупщхьэлъапщхьэ, псантхуэ, щІыфэ, лъпантхуэ, гинекологиэ узыфэхэр зиІэхэм.

«Джэдыкъуэ»-м и хьэщІэхэм зыхуей хуэзауэ зэрызагъэпсэхунум Іэмалхэр куэду яІэщ. Псалъэм папщІэ, псыкъежэх аттракционхэм къищынэмыщІауэ, комплексыр пщІантІэ щхьэхуэ цІыкІуурэ, бассейнхэр яІэжу, зэпыудащ - унагъуэ Іуэху дахэхэр щебгъэгужкІыну нэхъ лъхуэпсэгъуэ щыІэкъым. Спортым дихьэххэм папщІи джэгупІэхэр абы хэтщ.

Нэхъ цІыкІу дыдэхэм хухаха щІыпІэр гъэдэхащ псысэ лІыхъужьхэм я теплъэхэмкІэ. Мыпхуэдэ зыгъэпсэхупІэ иджыри къэс республикэм зэи иІакъым.

«Джэдыкъуэ»-р эыухуахэм къызэрыхагъэщщмкІэ, ахэр нэхъыбэу егугъащу унагъуэ-унагъуэу абы цІыхухэр къызэрыкІуэфынум, дэтхэнэми езым и гум дыхьэн Іуэхугъуэ абдежым къызэрыщигъуэтынум.

ЗыгъэпсэхупІэм шхапІэ, тыкуэн хъарзынэхэри дэтщ, Іуэхум хэзыщІыкІ Іэщ1агъэпІу 20-м щигъу цІыхухэм я зэманыр гупсэхуу, шынагъуэншэу зэрагъэкІуэнум кІэлъоплъ. Щ1ынальэ унафэщІхэм къыхагъэщащ «Джэдыкъуэ» зыгъэпсэхупІэр щацуха щІыпІэкІи тыншу къызэрыхахар, ар жылагъуэхэм я пэгъунэгъщ, республикэм и щыхэрым къикІ хьэщІэхэми къайхьэлъэкІын хуэдэу жыжьэкъым.

АБАЗЭ Лерэ,
Бахъсэн щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Япэ тхыгъэ

Псэемыблэжу сабийхэм яхэтхэр

Бахъсэн щІыналъэм хьхьэ Зеикъуэ къуажэм дэт «Нур» сабий гъэсапІэр 1969 гъэм къызэІуахащ. Абы лъандэрэ ефІакІуэ зэпыту мэлажьэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ «Нур»-м йокІуалІэ сабии 150-м щІигъу, ахэр гупитхуу гуэшащ. Сабий садым и унафэщІщ егъэджакІуэ, щиякІуэ Іущ Щоджэн Маруз. Іуэхущ1апІэр къызэрызэІуахрэ Маруз абы щолажьэ: илъэс 21-кІэ гъэсакІуэу щытащ, 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ «Нур»-м и унафэщІщ. И къалэн нэхъыщхьэхэм къыщынэмыщІауэ, и лэжьакІуэхэм зэрегуэпэкІыным, сэбэп зэрахузьхуным иужь итщ зэпымыууэ. Сабий гъэсапІэр и етІуанэ зиІэ хуэдэщ, псэемыблэжу сабийхэми абыхэм я адэ-анэхэми ябгъэдэтщ. А бзыльхугъэм къыхуэмыдарэзы щыІэу къыщІэкІынкъым.

Я лэжьыгъэм хуэпэжу, сабийхэм пэшІедэзэ щІэныгъэ зэрыратынум хущІэкъуу илъэс куэд щІауэ «Нур»-м и гъэсакІуэщ ЛІыгъор Рае, Джэтау Іэсият, Хьэщэ Риммэ, Журт Марьят сымэ. Нэхъ иужькІэ сабий садым къуэвахэу Мэжджиньэ Руазаннэ, Къалмыкъ Руазаннэ, Щомахуэ Іминэ сыми я ІэзагъкІэ абыхэм зыкъыкІэрагъэхуркъым. Яэыхэзэми сабийм бгъэдыхьэкІэ хэха хуаІэщи, я ущиекІэ щІэблэр ягъасэ.

Апхуэдэу я цІэ къиІуэн хуейщ Іэнатіэ мытынш Іут, ерыскъы ІэфІ зыгъэхьэзыр пщафІэхэу Къалмыкъ Рагдэ, Унэжинэ, Соблыр Серэ сыми.

Мы гъэсапІэм и лэжьакІуэ дэтхэнэми къыгуроІуэ къыхиха лэжьыгъэм къалэн къыщицІыр зыхуэдэр, къахуэкІуалІэ сабийр нэжагужу, узыншэу я адэ-анэм иратыжын зэрыхуейр. ЦІыкІухэм зезыгъэужь Іуэхугъуэщ джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Абы и лъэныкъэкІи «Нур»-м лэжьыгъэ хъарзынэхэр щокІуэкІ. КъищынэмыщІауэ, гъэсапІэм и гуп нэхъыжьым хэтхэр мы гъэм Ислъэмей къуажэм щекІуэкІа зэпеуэ зыбжанэм («Гъатхэ къафэ», «Сабий губзыгъэхэр», «Псысэ къэгъэлъэгъуэн») ехьулІэныгъэфІхэр яІэу зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Жьыджэрщ езы гъэсакІуэхэри. «Нур»-м и спорт лэжьакІуэ Щомахуэ Заретэ Къубэ-Тэбэ къуажэм иджыблагъэ къыщыщІэзыгъэпэщащ «Сабий цІыкІу» зыфІища зэхьэзэхуэ.

Ди гуапэщ «Нур» сабий гъэсапІэм нобэ хуэдэу ехьулІэныгъэхэр иІэу лэжьэну.

СЭБАНШЫ Іэсият,
КъБКъУ-м и студентк.

● Псапэ

ЦІыкІухэм папщІэ

КъБР-м Іуэху куэд щызэфІах и центрым (МФЦ) волонтёр ІуэхухэмкІэ и къудамэм и жэрдэмым и фІыгъэкІэ, ди республикэм и школ-интернатхэм щыІэ сабийхэм яІэрыхьэнущ урысыбзэкІэ ди щІыналъэм къыщыдэкІ «Солнышко» журналыр.

АБЫ папщІэ волонтерхэм псапащІэ Іуэху щрагъэкІуэкІащ «Дея» сату щІапІэм хэт нэгузыужьыпІэм икІи сом мин 16-м щІигъуи къыхахащ. Иджы интернатым щыІэ цІыкІухэр хуиту еджэ хъунущ сабийхэм папщІэ хъыбар гъэщІэгъуэнхэр, усэхэр зэрыт «Солнышко» журналым. Щэн хэлъхъым адэ-анэ зыщъхьэщымытыж цІыкІухэр абы зэрыщыгуфІыкІынум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щ1эблэ

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэр къапоплъэ

Бабугент дэт кадет школ-интернатыр къызэрызэІуахрэ илъэс еплІанэр йокІуэкІ. Мы гъэм ар ныбжьыщІэ 28-м екъулІэныгъэкІэ къауахащ икІи абыхэм я дэтхэнэри хущІокъуэ еджапІэ нэхъыщхьэ зэрыщІэтІысхьэнум.

2012 ГЪЭ лъандэрэ интернатым и унафэщІ Эристаев Андрэхьман дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, школыр зэрылэжьа илъэсхэм кІриубыду абы щеджэхэм къахэкІаКъым къыхаха Іэщ1агъэм хущІегъуэжа .

Интернатым курыт еджапІэм и программэм къыщынэмыщІауэ, дзэ къулыкъум хуэзыгъэхьэзыр дерсхэр щат, спортым гулъытэ щыхуащІ. Псом ящхьэраци, едэжным къыщыдэхуэм деж, кадетхэр зы сихьэти Іуэхуншэу щыскъым. «Дзэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щызекІуэ мардэхэм дытехуэу ныбжьыщІэхэм дадолажьэ», - жеІэ Эристаевым.

Мы гъэм кадет школыр къэзыуха псоми я дэфтэрхэр дзэм, ФСБ-м, МВД-м я еджапІэ нэхъыщхьэхэм ирагъэхьащ. Интернатым щезыгъаджэхэм шэч къытрахьэркъым ахэр курсант нэс зэрыхъунум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэр къыщыдзэпауд

«Республикэ - псоми ди зэхуэдэ Іуэху» жылагъуэ организацэм зэрызыхуигъэзам къыхэкІыу, Потребительскэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ, Къызэрымыкъуэ щытыкІэхэм-кІэ щІыналъэ къудамэхэм, Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм, ЛэжьыгъэмкІэ къэрал инспекцэм я Іэщ1агъэлІхэр щыгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм Зеикъуэ къуажэм дэт школ-интернат №1-м и гущІэгъуэ щыпсэуну.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, мафІэсым щызыхъумэ автоматикэ сигнализацэр лажьэркъым, псыр зэпымыууэ ягъуэтырыкъым, санузелхэр зэхэкъутащ, зыгъэпскІыпІэ иІэкъым.

КъищынэмыщІауэ, лэжьакІуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэпауд, медицинэм и Іуэхур тэмэму къызэрагъэпэщыркъым.

Мы зэманым къэпщытэныгъэм пащэ, абы къырикІуэм теухуауэ зыхуэфащэ унафэ къащтэнущ.

УнафэкІэ щІагъэбыдэ

Субсидиехэр щыхухахкІэ, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэр коррупцэм пэщІэтыным теухуа законодательствэм зэрытетыр КъБР-м и прокуратурэм изгъэбэ къыпщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ «Фермер щІэзыдзагъащІэхэр даІыгъын папщІэ, федеральнэ бюджетым щыщ субсидиехэр Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я бюджетхэм зэрыхухах икІи зэрытрагъащэ Хабзэхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2012 гъэм мазаем и 28-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №166-мрэ «2012 - 2014 гъэхэм КъБР-м фермер щІэзыдзагъащІэхэм грантхэр зэрыщыхухахьиу, зэ етыгъуэ ахъшэкІэ зэрызыщІагъэкъуэну Хабзэхэм я Іэхуку1э» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м республикэм и Правительствэм къищта Унафэ №82-ПП-мрэ щагъэзащІэм, министерствэм и къулыкъущІэхэм ныкъуасанигъэ куэд яІещІэкІащ.

Къэпщытэныгъэм крикІуам икъ иткІэ, республикэм и прокуратурэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Арбитраж судым иритащ фермер щІэзыдзэгъащІэхэм сом мин 500 гранту яхухэхьныем теухуауэ министерствэмрэ КФХ-хэм я унафэщІхэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэр мыпэжу къэлъытэн, ахэр якъутэжьи, федеральнэ бюджетым сом мин 439,5-рэ, республикэм ейм сом мин 60,5-рэ хальхьэжьын зэрыхуейр щыгъэбелджьыла иск тхылъхэр.

КЪБР-м и Арбитраж судыр абыхэм арэзы щытемыхъуэн, республикэм и прокуратурэм апелляцэ тхылъхэр итащ.

ЕпщыкІуханэ арбитраж апелляцэ судыр республикэм и прокуратурэм и лъэныкъуэ хъури, КъБР-м и Арбитраж судым и унафэхэр икъутэжащ, прокуратурэм къигъэувэхэр нэгъуэщІ унафэхэмкІэ щІигъэбыдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм зыныфхуегъаза коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу гу лъыфтэмэ, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм хъыбар евгъэщІэну:

КъБР-м щыІэ МВД-м (Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 10, телефонхэр: 02; 49-50-62), ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 4, телефонныр: 48-15-81), УФ-м Следствэмкіэ и комитетым и щІыналъэ Іуэхущ1апІэм (Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 36, телефонныр: 77-64-22), КъБР-м и прокуратурэм (Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 16, зэпымыууэ лажьэ телефонныр: 8(8662)- 40-45-51, электрон пощтыр - (prokkbr@mail.ru).

Къалэнхэр зэрагъэзащІэр къапщытэ

Властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я Іэнатіэхэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрапэщІэтыр, а хьэгъэщагъэхэр профилактикэ щІыным, апхуэдэу лъэпкъ зэхущытыкІэхэр гъэбыдэным теухуа республикэ, муниципальнэ программэхэм хухах бюджет ахъшэр тэмэму, фейдэ пылъу къызэрагъэсэбэпыр Дзэлыкъуэ щІыналъэм и прокуратурэм къипщытащ.

2015-2017 ГЪЭХЭМ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым терроризмэмрэ экстремизмэмрэ профилактикэ зэрыщащІыным и Іуэхукіэ, нэгъабэ накъыгъэм и 6-м къащта щІыналъэпрограммэхэхам абыи лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэхэр щыгъэбелджылащ. Апхуэдэщ цІыкІуу куэд щыпсэу хьэблэхэмрэ зэхуэсыпІэхэмрэ шынагъэншагъэм пыща Іуэхугъуэхэр мазищ хэсэ зэуІуу щегъэкІуэкІыныр, щІыунэхэр, пкІэунэхэр, щІыхьэпІэхэр гъэбыдэныр, терроризм мафІэсгъэункІыфІхэмрэ псынщІэу зэралъэІэс Іэмэпсымэхэр гъэувыныр, терроризм хьэгъэщагъэ щІэзэрамыхьэн щхьэкІэ, псэупІэ фондым и щытыкІэм кІэлъыплъыныр.

КъыузэрахутамкІэ, УФ-м и Программэмрэ Бюджетымкіэ и кодексымрэ къызэрагъэувым хуэдэу, муниципальнэ программэхэм и 3.2-нэ пунктым щыгъэбелджылА Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм мы гъэм и япэ мазищым район администрацэм игъэзэщІакъым; Программэр зэрагъэзащІэм и фІагъыр къызэралъытэм теухуа тхылъ (справкэ) иІэкъым.

Къэпщытэныгъэм крикІуам икъ иткІэ, къыщІагъэща ныкъуасанигъэхэр ирагъэгъэзэкІуэжьи папщІэ, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и цІэкІэ щІыналъэм и прокуратурэм тхылъ игъэхьэзыращ. Мы зэманым абы хоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Каратэ-кёкусинкай

Амурбэч и гъэсэнхэм я ехъулІэныгъэ

Каратэ-кёкусинкаймкІэ КИФЩІ-м пашэныгъэр къыщыхьынымкІэ зэхьэзэхуэрэ чемпионатрэ Домбай (КъШР) щекІуэкІащ. Абы кърихьэлІащ Урысейм и щІыналъэ 11-м я спортсмен ныбжьыщІэ 200-м щІигъу. Ди республикэм абы игъэкІуащ КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм и деж щыІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэхам и гъэсэнэр.

ДИ СПОРТСМЕНХЭМ ящыщу зэхьэзэхуэм текІуэныгъэ хэщащхьащ Зэшэкіуу Залымхъанрэ (кг 35-м нэс) Мусукаев Жамболэтрэ (кг 55-м нэс). ЕтІуанэ увыпІэр зыІэрагъэхьащ Чэлимэт Русланрэ (кг 35-м нэс) Байрамкулов Исмэхьилрэ (абсолютнэ хьэлъагъ). Таркъан Анатолэ (кг 25-м нэс), Срыкъуэ Талисэ (кг. 40-м нэс) Попков Тимур, Лу Таймураз (абсолютнэ хьэлъагъ) сымэ ещанэ хъуащ.

Мусукаев Жамболэт «Зэпеуэм зэман нэхъ мащІэ тезыгъэкІуэда», Срыкъуэ Талисэ «ТекІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщІэ» (ар илъэси 10 хъууэ аращ, и хьэрхуэрэгъуэхэр - илъэс 12-13), Байрамкулов Исмэхьил «Техникэ нэхъыфІым папщІэ» саугъэт щхьэхуэхэр кІыхуагъэфащащ.

Спорстменхэр зэхьэзэхуэм хуигъахьэзыращ Урысейм спортымкІэ и мастер, Налшык щыІэ «Дайдзи» спорт клубым каратэ-кёкусинкаймкІэ и тренер-егъэджакІуэ Къэрмокъуэ Амурбэч.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я адэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щыгъэзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдз ДышэкІ Соня, редактору Гугъуэт Заремэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.). Корректорхэм я дэІэпыкъуэгу* **Елмэс ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Мариие, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианн, Мэзбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1082